

Enstriksyon pou Swen Apre Operasyon

Mèsi pake ou chatre/esterilize bèt kay ou a. Ou te kontribye nan diminye kantite bèt posib ki sanzabri epi fè bèt kay ou a vin pi an sante ak pi kontan! Byenke chatre ak esterilizasyon se aktivite ki nòminal, tanpri sonje bèt kay ou a fèk sot fè operasyon epi li bezwen swen ki apwopriye pou l refè nòmalmman.

Sonje: Ou ka kontakte liy swen apre operasyon an nan (844) MY-ASPCA [(844) 692-7722]. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid apre bèt kay ou a fin fè operasyon an, rele nimewo sa a epi chwazi opsyon k ap pèmèt ou pale ak yon Reprizantan nan Sèvis Kliyantèl la. **Anvan w chèche nenpòt swen veterinè pou yon bèt kay ki gen yon konplikasyon apre operasyon, ou dwe kontakte liy swen apre operasyon an, ki disponib 24 èdtan chak jou/7 jou chak semèn.** Tanpri sonje si maladi oswa blési yon bèt pa gen rapò ak operasyon an, ASPCA pa pral responsab pou depans ki asosye ak swen yo. Mete sou sa, si yo pa t swiv enstriksyon apre operasyon yo, ASPCA ka pa kouvri depans nouvo randevou pou kontwòl ak swen yo.

Anestezi ak Operasyon

Siveye bèt kay ou a pou detekte nenpòt siy rekiperasyon ki pa nòminal apre anestezi ak / oswa operasyon. Siy sa yo ka gen ladan senyen, fatig oswa feblès, pèdi apeti/diminye nan konsomasyon dlo, frison, demach ki pa nòminal ki dire plis pase 24 èdtan apre operasyon an.

Rele liy swen apre operasyon an imedyatman si bèt kay ou a gen vomisman, dyare, respirasyon difisil oswa si li gen jansiv pal.

Ensizyon chirijikal

Pa gen okenn pwèn kouti sou deyò nan zòn operasyon an. Tout pwèn yo anba po a. Pwèn sa yo fonn, kidonk pa gen okenn nesite pou chèche swen medikal pou retire yo. Epiou, yo kole toude kote ki fann yo ak yon kòl medikal. Si bèt kay ou a ap kite ou fè sa, verifye sit operasyon an chak jou pou asire li geri. Sa ou te wè nan jou yo te egzeyate bèt kay ou a apre operasyon an konsidere kòm aparans nòminal sit chirijikal la. Si sit operasyon an wouj anpil, l ap bay pi vèt/jòn oswa wouj, li gen yon move odè, li gen yon bagay k ap soti anndan l, li cho lè ou manyen l, oswa li gen ematom oswa yon boul ki sanble ap grandi, kontakte liy swen apre operasyon an.

Mal Chat

Kote yo fann chat la pou operasyon an sou kò yon mal chat tèlman piti li pa menm bezwen yo fèmen l ak pwèn souti oswa ak kòl medikal. Li nòminal pou ou wè youn oswa de ti twou nan sak boul grenn yo.

Vaksinasyon

Si bèt kay ou a te pran vaksen, kontwole sit vaksen an (zepòl/dèyè janm) epi verifye si bèt kay ou a gen siy reyaksyon ak vaksen an. Siy sa yo gen ladan: vizaj anfle, itikè, bwate, bave, demanjezon, oswa gen doule oswa anfle nan sit vaksinasyon an (zepòl/dèyè janm). Si nenpòt nan siy sa yo rive, rele liy swen apre operasyon an.

Manje ak Dlo

Yo ta dwe bay bèt kay ou a anviwon mwatye nan kantite manje ak dlo yo abitye ba li nan apeprè dezèdtan apre li te kite klinik la epi li retounen lakay. Gen anpil chat ki pa manje nan nwit yo te kite klinik la pou retounen lakay yo.

Si bèt kay ou a gen mwens pase 16 semèn, ba li anviwon mwatye nan kantite manje ak dlo yo abitye ba li lè ou retounen lakay ou. Si ti chat ou a pa manje lè li retounen lakay ou epi ou kapab fè sa san risk pou l mòde oswa grife ou, fwote jansiv li avèk siwo erab oswa siwo Kawo avèk yon aplikatè ki gen koton nan pwent li.

Pa retire e-kolye bèt kay ou a pou ba li manje, sof si ou kapab siveye l pandan e-kolye la pa nan kou l. Mete e-kolye la touswit apre bèt kay ou a fin manje.

Medikaman pou Doulè

Yo te bay bèt kay ou a medikaman pou doulè ki dire lontan pandan operasyon pou chatte/esterilizasyon an. PA BAY BÈT KAY OU A MEDIKAMAN MOUN. Li danjere epi li ka tiye li.

Tatouyaj

Bèt ki te fè operasyon yo gen yon ti tatouyaj vèt. Pou chen yo, yo mete tatouyaj la bò kote ensizyon chirijikal. Yo pa prevwa pou tatouyaj la bay okenn konplikasyon, paske yo te itilize enstriman esteril pou fè li. Pou femèl chat yo, yo mete tatouyaj la bò kote yo te fann li pou operasyon an. Pou mal chat yo, yo mete tatouyaj la nan pati ki sitiye anba vant yo. Tanpri siveye sit tatouyaj la pou si gen woujè, anfle, oswa si l ap bay pi. Si sa rive, tanpri kontakte liy swen apre operasyon an.

Sote ak Jwe

Evite sote ak jwe pandan sèt jou apre operasyon an. Twòp aktivite ka lakòz sit operasyon an louvri oswa vin anfle. Mete bèt kay ou a nan yon kaj transpò,abri, bwat, oswa nan yon ti chanm lè ou pa kapab siveye l. Fè chen ou an mache nan kòd pou pèmèt li ale nan twalèt. Tanpri pa fè long pwomnad ak chen ou an epi pa kite l gen kontak ak lòt bèt oswa moun. Epitou, pa kite bèt kay ou a sote sou mèb yo.

Kenbe Bèt kay Ou a Lwen Lòt Bèt

Kenbe mal ki esterilize yo lwen femèl ki pa esterilize yo. Mal ki esterilize yo ka plenn yon femèl ki pa esterilize pou jiska 30 jou apre operasyon esterilizasyon an. Kenbe femèl ki esterilize yo lwen mal ki pa sterilize yo ki ka vle monte sou yo. Bèt ki retounen soti nan Klinik Chatre/Esterilizasyon an gendwa gen yon sant ki diferan ak lòt bèt ki nan kay la. Sa ka lakòz bèt yo goumen, kidonk fè preparasyon pou kenbe bèt kay ou yo nan zòn separe pou kèk jou apre operasyon an.

Abitid ljenik

Siveye si gen san nan pipi bèt kay ou a. Ka gen yon ti kantite san lakay femèl yo pandan premye 24 èdtan apre operasyon an. Si sa kontinye oswa si bèt kay ou a sanble malad nan nenpòt ki lè, rele liy swen apre operasyon an.

Kontakte liy swen apre operasyon an si chat ou a ap fòse fè pipi nan 72 èdtan apre operasyon chatte/esterilizasyon an.

Benyen Bèt kay Ou a

Pa benyen bèt kay ou a anvan 10 jou apre operasyon an.

Swen Chat

Lè w rive lakay ou apre operasyon an, mete chat ou a nan yon zòn trankil, ki fè nwa tankou nan yon twalèt. Sonje chat la ka kache apre operasyon an. Sa se yon bon lide pou bloke aksè ak tout kote chat ou a te kapab kache pou pèmèt ou siveye pwosesis gerizon an.

Konpòtman

Chatre oswa esterilizasyon bèt kay ou a ka diminye kèk konpòtman endezirab, tankou make pipi, monte, agresyon, oswa flite pipi, men li ka te deja gen konpòtman sa yo epi yo ka pa disparèt nèt. Si konpòtman sa yo ap disparèt, yo ta ka fè sa oframezi. Sa ka pran jiska 30 jou pou chat yo sispann flite pipi oswa montre siy chalè. Mal chat ki pi gran yo ka kontinye flite pipi, men pipi yo pa pral gen move sant ankò.